



KONNEN


DWA OU




TANPRI SONJE:

Kèk nan resous ki lye nan gid sa a kapab disponib sèlman an panyòl. Nou eskize pou nenpòt deranjman.

Nou la pou sipòte ou! Tanpri pa ezite kontakte nou.

 (WhatsApp) (972) 885-8251

 Facebook.com/Info.ImportaMi

www.importami.org

info.importami@rescue.org





KONNEN

DWA OU



Nan dokiman sa, nou eksplike bagay ki pi enpòtan ke ou dwe konnen **sou tribinal imigrasyon an ak dosye w la nan peyi Etazini (U. S.A.)**.

Ou ka klike sou chak tit pou wè plis enfòmasyon:

1.



Kiyès nou ye

2.



Dokiman ki enpòtan ou bezwen

3.



Kòman pou verifye randevou ou nan tribinal migrasyon an

4.



Kisa pou fè si ou **demenaje**

5.



Kijan pou jwenn yon **avoka**

6.



Kèk kalite **èd legal**

7.



Kisa pou fè si ou vle **retounen nan peyi ou**

8.



Jou randevou w la nan tribinal imigrasyon an

9.



Kisa yon Lòd Depòtasyon ye

10.



Plan Sekirite

11.



Kisa pou fè si ou an **danje**

12.



Oryantasyon Legal pou Moun k ap Esponnsorize yo

*Enfòmasyon ki nan dokiman sa se sèlman pou izaj edikatif. **Se pa konsiltasyon legal.** Si ou gen kesyon legal presi, tanpri pale ak yon avoka konsènan dosye w la*



Klike sou **anpoul** la pou wè plis enfòmasyon:



Klike sou **balon** foubòl la pou gade yon videyo.

1. KIYÈS NOU YE



Nou se ImportaMi, yon platfòm dijital Komite Sekou Entènasyonal la, IRC dapre non li an anglè, ki ede timoun ki pa gen èd nan peyi Etazini pou yo ka gen aksè nan sèvis legal ak resous lokal.

IRC a pou tèt li fè pati rezo Vera ki konpoze de yon gwoup òganizasyon dwa zimen ki bay sèvis legal gratis pou jèn tankou ou menm.

2. DOKIMAN KI ENPÒTAN OU BEZWEN

Verifikasyon liberasyon "Verification of Release" (VOR):

Nan pake ou te resevwa nanabri a oswa travayè sosyal ou a te ba ou a, ta dwe genyen yon dokiman ki rele "**Verification of Release (Verifikasyon Liberasyon)**" (o VOR) an anglè. Dokiman sa:



se yon **kalite idantifikasyon** epi li gen foto ou nan bò goch la




li di ke ou ka soti nanabri a, abite ak esponsò w la, epi **kontinye pwosesis imigrasyon w lan.**



Li PA bay pèmasyon pou viv ni travay legalman nan peyi Etazini, ni li pa bay estati legal.



**Klike pou wè
yon egzanp
VOR**



Avi pou prezantasyon "Notice to Appear" (NTA):

Avi Prezantasyon an (ki rele "**Notice to Appear**" oswa NTA) se yon dokiman ke Depatman Sekirite Enteryè a (oswa DHS) prepare ki di:



rezon gouvènman an genyen pou voye ou tounen nan peyi ou



ou dwe ale nan tribinal imigrasyon an (devan yon jij) pou eseye rete nan peyi Etazini,




nimero A, yon nimewo 8 oswa 9 chif yo ba ou lè ou rive Etazini Pou idantifye ou pandan pwosesis imigrasyon w lan, ak




lè, dat, ak adrès pwochen randevou w la nan tribinal la
- kèk fwa, sa ka chanje



**Klike pou wè
yon egzanp
NTA**



Kisa yon NTA ye?



Si ou pa t resevwa NTA a lè ou te soti nanabri a oswa apre pa kourye, ou ka rele travayè sosyal ou an oswaabri a pou mande yon kopi.

3. KÒMAN POU VERIFYE RANDEVOU OU NAN TRIBINAL IMIGRASYON AN

Si ou soti nanabri a, **sa PA vle di ou gen otorizasyon pou viv epi travay** nan peyi Etazini legalman. Dosye w la kontine yon pwosesis legal nan tribinal imigrasyon an kote ou ka mande otorizasyon pou rete nèt nan peyi Etazini. Yo rekonèt otorizasyon sa kòm estati legal. Nòmalmman, NTA w la genyen dat, lè, ak adrès tribinal kote ou dwe ale a epi pou defann dosye w la devan **jij la pou rete nèt nan peyi Etazini**.

Si ou pa t resevwa NTA w la (oswa si NTA w la pa genyen enfòmasyon sa yo ladan l):

Ou ka verifye kilè ak ki kote randevou w la nan tribinal la ye, epi genyen 2 opsyon:



Rele nan nimewo otomatik EOIR la (**1-800-898-7180**)



Vizite sitwèb EOIR la (<https://acis.eoir.justice.gov/es>)

Ou ka wè enstriksyon sou kijan pou fè sa isit la.


Li enpòtan anpil pou verifye yon fwa pa semèn si ou genyen yon odyans nan tribinal imigrasyon an. Pa enkyete w si dosye w la poko parèt, kèk fwa sa pran plizyè mwa.

★ **Sonje byen:** Fòk ou ale nan **TOUT** odyans ou yo. Si ou pa ale nan yon odyans nan tribinal la, jij imigrasyon an ka òdone depòtasyon ou, ki vle di w ap **dwe retounen nan peyi ou**.

Pou aprann plis sou pwosesis nan Tribinal Imigrasyon an, ou ka gade videyo sa yo:



Kisa yon odyans preliminarè ye?



Pwosesis nan Tribinal Imigrasyon an



4. KISA POU FÈ SI OU DEMENAJE

Si ou demenaje, **ou dwe enfòmè tribinal imigrasyon ak pwokirè a** (Depatman Sekirite Nasyonan oswa DHS dapre non li an anglè). Si ou pa fè sa, yo p ap konnen ki kote ou abite epi li posib ke ou pa resevwa dokiman enpòtan yo pa kourye, tankou avi pou pwochen randevou w la nan tribinal la. **Kidonk ou ka pèdi odyans ou an.**

Chanjman adrès ("Change of Address"):

"Chanjman adrès" la rele **"Change of Address"** (oswa COA) an anglè (ke yo rele tou fòm **EOIR-33**). Fòmilè sa avize tribinal la ak pwokirè a ke ou gen yon nouvo adrès

Chanjman lokal tribinal la ("Change of Venue"):

Si ou demenaje epi gen yon tribinal imigrasyon ki pi pre, **ou dwe mande tribinal la transfere dosye w la nan tribinal ki pi pre w la.** Ou ka fè sa lè w ranpli fòm "Chanjman lokal tribinal la" (oswa jiridiksyon), ke yo rele "Change of Venue" (oswa COV) an anglè.

Si ou te demenaje, men tribinal imigrasyon aktyèl ou an se toujou tribinal ki pi pre w la, ou pa bezwen bay yon demann pou mande transfè nan tribinal ou an.



**Kijan pou ranpli
Fòmilè Chanjman
Adrès la epi mande yon
Chanjman Lokal Tribinal**



**Enstriksyon:
Kijan pou chanje
adrès ou ak
Tribinal la ak
Avoka Gouvènman
yo**

★ **Nou rekòmande ou pale ak yon avoka oswa òganizasyon w lan pou ede w ranpli fòmilè yo.** Si ou bezwen èd pou jwenn yon avoka oswa yon òganizasyon, kontakte nou!

5. KI JAN POU JWENN YON AVOKA

Byenke li pa nesesè pou gen yon avoka pou ale nan tribinal la, se yon bon ide pou gen youn paske **sa ede ou prezante dosye w la nan yon pi bon fason**. Sa enpòtan anpil pou chèche yon avoka pi vit ke posib, paske **sa ka pran plizyè mwa pou jwenn youn kèk kote**.



Kisa sa vle di pou yon avoka reprezante w?



★ **Sonje byen:** Se sèlman **avoka ak reprezentan ki akredite** yo ki ka ede ou legalman avèk dosye imigrasyon w lan. Ou dwe ale nan randevou nan tribinal la byenke ou pa ko gen yon avoka.



Enstriksyon:
Kijan pou chwazi yon avoka imigrasyon

! FÈ ATANSYON AK NOTÈ YO:

Yon notè SE PA YON AVOKA nan peyi Etazini epi **li pa ka ede ou** legalman ak dosye imigrasyon w lan. Si yon moun di ou li se yon notè (oswa "notè piblik") ke li ka ofri ou èd oswa konsèy legal, ou PA dwe kwè oswa travay ak moun sa.

Si ou travay ak yon notè oswa lòt moun ki pa otorize pou bay konsèy legal, sa ka **nwi posiblite pou jwenn estati legal nan peyi Etazini**.



Pwoteje tèt ou kont sèvis raketè imigrasyon



OTORIZASYON TRAVAY:

Se pa tout moun ki ka travay Etazini.— pou fè sa, ou dwe genyen yon **pèmi travay** (ke yo rele tou **Dokiman Otorizasyon Travay, owa EAD**).

Sa pa legal pou travay Ozetazini san otorizasyon epi sa ka afekte dosye w la. Yon avoka ka eksplike w opsyon ou yo epi gade si ou kalifye pou yon otorizasyon travay. Menm si ou pa gen estati imigran, ou gen dwa antanke travayè epi gen gwoup ki kapab ede ou.



6. KALITE ÈD LEGAL

Gen divès kalite èd legal (rezon ke ou ta ka rete Etazini) ke ou dwe konnen. Genyen kèk kalite ki pi komen. Li enpòtan pou ou pale ak yon avoka pou wè ki opsyon legal ki pi bon pou dosye I la prezizeman.

Azil:

si ou pè retounen nan peyi ou paske yon moun te fè w mal, oswa ou gen krent

- ke yon moun ta ka fè w mal pou yon rezon patikilye (pa egzanp nasyonalite, ras, relijyon, opinyon politik, oswa gwoup sosyal patikilye).




Azil: Dosye w la nan men yo



Estatus Especial para Jóvenes Inmigrantes (SIJS):



Viza pou jèn (SUS)



si youn oswa toude paran ou te **abandone w, sispann pran swen w, oswa yo te fè w mal** ou ka kalifye. Si ou pa t janm konnen paran ou, ou gen chans pou kalifye tou.

Viza T:

si yon moun te **oblige w travay oswa fè bagay** ke ou pa t vle fè nan Etazini (aksyon sa yo ka travay oswa seksyèl). Si w ap travay nan Etazini, gen lwa travay pou jèn moun ki pwoteje dwa ou antanke travayè. Toudepann de ka ou, li posib ke ou ka jwenn pwoteksyon legal, men **ou dwe pale ak yon avoka.**

Kisa trafik moun ye?

10 siyal ke Anplwayè w la ap eksplwate w

★ **Sonje byen:** Okenn moun pa ka oblige w travay si ou pa vle. Si ou nan sitiasyon sa, ou ka rele Liy Nasyonal Kont Trafik Moun nan, nan 1-888-373-7888 oswa voye yon mesaj tèks avèk mo "**HELP**" bay **233733**.

Aprann plis sou pwosesis OSHA a

Nan kèk ka, ou ka resevwa yon sètifikasyon dministrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl la (OSHA, dapre non li an anglè) epi petèt ou ka kalifye pou yon viza espesyal.

Viza U:


si ou sibi **yon domaj oswa yon krim apre** ou te vini Etazini, rapòte l epi koòpere ak lapolis nan ankèt la

Demann pou fanmi:

si ou gen yon fanmi pwòch ki deja **genyen estati legal** Etazini.

7. KISA POU FÈ SI OU VLE RETOUNEN NAN PEYI OU

Si ou deside ou vle retounen nan peyi ou, ou dwe pale ak yon avoka pou mande yon **Depa Volontè**. Si jij la apwouve depa volontè w la, **ou dwe kite Etazini nan dat jij la di w la**. Se yon desizyon ki serye ki gen konsekans ki grav anpil si ou chanje lide epi ou deside pa kite peyi a pi ta (paske **ou p ap ka retounen Etazini pandan ant 5-10 ane** epi li ka pi difisil pou jwenn estati legal Etazini alavni).



Enstriksyon:
Kijan pou jwenn
Depa Volontè

8. JOU RANDEVOU W LA NAN TRIBINAL LA

Ou dwe ale nan randevou w la nan tribinal la ke ou gen avoka oswa non. Pwosesis pou jwenn yon avoka pran tan. Si dat odyans ou an rive epi ou pako jwenn kilès ki pou reprezante w devan jij la, ale nan tribinal la kanmenm epi di jij la bagay sa yo:



1. Ke **ou se yon minè** (si ou poko gen 18 tan)
2. Ke w **ap chèche yon avoka**
3. Ke **ou bezwen plis tan** pou jwenn yon avoka

Gen chans pou jij la ba ou plis tan etandone sitiyasyon w lan epi ba w yon sitasyon apre kèk mwa

Kisa mwen dwe fè si jij la PA ban m tan?

- Si jij la ba ou plis tan pou jwenn yon avoka, **ou gen dwa eksplike jij la rezon ki fè ou vle rete nan peyi a**. Pou yo, ou ka pale sou (1) kijan lavi ou te ye anvan ou te vini Etazini (2) poukisa ou te deside vini, (3) poukisa ou pa vle oswa ou pè retounen nan peyi orijin ou, (3) kisa ki ta ka rive ou si ou retounen, oswa (4) kijan ou t ap santi w si sa ta rive.
- Si ou pè retounen nan peyi orijin ou, ou dwe eksplike jij la poukisa epi bay egzànprezi.
- **Sonje ap gen yon entèprèt nan sal la k ap tradui sa ou di an anglè pou jij la ka konprann ou.**

9. KISA YON LÒD DEPÒTASYON YE

Yon Lòd Depòtasyon se yon dokiman kote jij la kòmanse pwosesis pou depòte w nan peyi Etazini. Si ou resevwa yon lòd final, sa vle di ke



Ou PA ka rete Etazini legalman,



gouvènman Etazini te deside **voye ou tounen nan peyi ou,**



ou pa ka retounen Etazini nan **5-10 ane k ap vini yo,**



si ou retounen ilegalman Etazini apre yo te depòte w, yo konsidere sa tankou yon **krim**, epi



si yon manm nan fanmi ou vin sitwayen Ameriken epi li prezante yon demann pou ou tounen legalman, **ou p ap ka fè sa toutotan 3-10 ane pa pase.**

★ Si ou resevwa yon lòd paske ou pa t prezante nan tribinal la - tout bagay pa pèdi! Li posib ke ou fè apèl epi eseye retounen ouvri dosye w la. Ou dwe fè sa anvan lòd la vin final. **Ou dwe pale ak yon avoka pi rapid ke posib pou wè ki opsyon ou genyen.**

10. PLAN SEKURITE



Edike tout moun lakay ou de dwa yo



Konsève **nimewo A nan yon kote ki sekirize.**



Memorize non/nimewo yon avoka imigrasyon ou gen konfyans.



Toujou pote yon kopi Fòmilè Verifikasyon Liberasyon ORR la avèk ou epi montre l si yon ajan mande ou idantifikasyon.

✗ PA JANM:

- pote fo dokiman, dokiman ki se pou lòt moun oswa dokiman peyi orijin ou,
- manti bay yon ofisye imigrasyon, ni
- siyen anyen san ou pa pale premyèman ak yon avoka oswa konprann sa w ap siyen an.

Guías de ayuda para ti y tu familia

★ Sonje ou genyen **dwa pou yo trete w ak respè ak yon vi san vyolans, abi, ak maltretans.** Sa vle di, OKENN moun pa dwe fè w mal, ensilte w, fòse w fè sèks, touche w san pèmasyon, fè kòmantè seksyèl sou ou, oswa montre w foto ki gen imaj seksyèl sou yo. Si sa rive, oswa si ou gen nenpòt ijans, rele 911. Ou ka rele avoka ou tou.

Kisa pou mwen fè si yon polis kanpe m nan lari oswa sone nan pòt lakay mwen?

- Si yon ajan imigrasyon oswa polisye kanpe w nan lari oswa nan yon kote piblik, Sonje byen **(1) ou gen dwa pou fè silans**. Ou PA oblije reponn kesyon ajan yo ni ba li enfòmasyon; **(2) ou gen dwa pale ak yon avoka** anvan ou pale ak ajan imigrasyon an.
- Si yon ajan imigrasyon sone nan pòt ou, ou PA oblije kite l antre, amwenke li montre ou yon manda pèkizasyon oswa manda arè ke yon jij siyen

11. KISA POU FÈ SI OU AN DANJE



Si ou gen yon ijans ki **mete lavi ou an danje, rele 911** pou otorite yo ede w imedyatman.



Si ou bezwen asistans **medikal** ou ka rele 911 pou mande yon **anbilans**



Si gen yon **ensandi** oswa **katastwòf natirèl**, ou ka mande **ponpye** yo èd oswa Lakwa Wouj.



Si ou an **kriz** epi ou bezwen pale ak yon moun, gen **liy dirèk** ke ou ka itilize pou pale ak konseye pa telefòn, mesaj tèks, oswa pa tchat.

Lis liy dirèk nan ka ijans

12. ORYANTASYON LEGAL POU MOUN K AP ESPONNSORIZE YO (LOPC)

Si moun k ap esponsorize w la gen kesyon, Pwogram Oryantasyon Legal pou Moun k ap Esponsorize Timoun Etranje ki pa Gen Moun pou Akonpaye yo (LOPC, dapre non li an anglè) ofri enfòmasyon legal gratis sou:



pwosesis nan tribinal imigrasyon an,



kijan pou jwenn sèvis sosyal ak reprezantasyon legal gratis,



kijan pou pwoteje timoun ki pako gen dizwit tan an kont maltretans, eksplwatasyon, ak trafik moun.

Klike la pou plis enfòmasyon sou oryantasyon sa

OU GEN KESYON?

!ONTAKTE NOU!

ImportaMi



(972) 885-8251 (WhatsApp)



facebook.com/Info.ImportaMi



www.importami.org



info.importami@rescue.org